

**“VWA MWEN KONTE. M AP
ITILIZE L POU M FÈ YO TANDE M.”**



**Department
of Health**

Yon Gid pou Pale Avèk Pwofesyonèl Swen Sante W la Pandan W Ap Resevwa Swen Anvan Akouchman ak Apre w Fin Akouche yon Tibebe

Ou Fèk Dekouvri Ke W Ansent?

Sa kapab yon moman eksitan lè w dekouvri ke w ansent! An menm tan, ou ka vin gen yon pakèt kesyon. Gid sa a kapab ede w rete an sante pandan w ansent ak apre w fin akouche. Li enpòtan pou kòmanse resevwa swen medikal bonè ak tout pandan w ansent lan.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la.

Li toutafè nòmal pou gen kesyon ak enkyetid. Se dwa w pou fè yo tande w. Pwofesyonèl swen sante w lan la pou sipòte w ak pou li founi meyè kalite swen ki posib la pou ou menm ak tibebe w la.



Men kèk bagay pou konsidere anvan ak pandan konsiltasyon pou vizit anvan akouchman w yo:

- Note tout kesyon w ka genyen pou pwofesyonèl swen sante w la. Asire w ke w poze tout kesyon sa yo nan kad konsiltasyon w yo.
- Anvan konsiltasyon w lan, pran abitid pale avèk yon moun ou fè konfyans. Sa a kapab ede w vin gen plis konfyans nan tèt ou epi li kapab ede w vin pi prepare.
- Eksprime enkyetid ou nan fason ki klè e dirèk.
- Si w gen nenpòt doule oswa malèz, sonje pale sa avèk pwofesyonèl swen sante w la.
Egzanp: “Yè a 9 p.m., Mwen te santi yon gwo doule nan pati goch bò vant mwen ki te dire dezèd tan.”
- Pa kache okenn enfòmasyon lè w ap pale avèk pwofesyonèl swen sante w la.
- Rete pasyan e ouvè pou sijesyon.

Ou merite meyè kalite swen ki posib la pou byennèt ou ak pou byennèt tibebe w la:

- Pwofesyonèl swen sante w lan la pou sipòte ou tout pandan w ansent lan.
- Ou dwe santi w an sekirite pou pale libelibè san w pa pè pou yo pa jije w ni san w pa wont.
- Ou dwe toujou santi w alèz pou eksprime enkyetid ou.
- Ou dwe santi yo tande w epi yo respekte w tout pandan konsiltasyon w lan.

Ou gen difikilte pou pale pou tèt ou nan kad konsiltasyon pou swen anvan akouchman w yo? Tikonsèy sa yo kapab ede ou:

- Si w pa konprann yon bagay, poze kesyon.
- Vini ak yon moun ou fè konfyans pou ede ou.
- Mande yon entèprèt si sa nesèsè.
- Si yo pa pran enkyetid ou yo oserye oswa yo pa pran yo an konsiderasyon, mande pou pale ak yon lòt moun.
- Ou toujou panse pa gen moun k ap tande ou? Ou kapab soumèt yon plent. Si w nan yon etablisman swen medikal, mande pou pale avèk chèf klinik la oswa chèf etablisman medikal la. Si se nan yon lopital ou ye, kontakte depatman relasyon pasyan yo oswa soumèt yon plent lè w kontakte Depatman Sante a.



Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la

Divizyon: Hospital Complaints Hotline (Liy Asistans Telefonik pou Plent konsènan Lopital)

Nimewo Telefòn: (800) 804-5447

Lè Fonksyònman Biwo: Lendi-Vandredi, 8:30 a.m.-4:45 p.m.

Ale sou sitwèb Depatman Sante Eta New York la pou w kapab soumèt yon plent:

health.ny.gov/surveyd8/facility-complaint-form

Pou jwenn plis sipò, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Li kapab ba w konsèy ak founi w resous an fonksyon de bezwen ak objektif ou yo. Men kèk resous pou w kapab kòmanse:

- **Growing Up Healthy:** Growing Up Healthy Hotline (Liy Asistans Telefonik Growing Up Healthy) a ede moun ki ansent ak moun ki paran ki rete nan Eta New York yo jwenn èd yo bezwen yo. health.ny.gov/community/pregnancy/health_care/prenatal/guh
- **Pòtay pou Paran yo nan Eta New York (New York State Parenting Portal):** Jwenn tikonsèy ak resous ki lye ak fason pou bay swen pou amelyore wòl ou antanke yon paran. nysparenting.org/



Bay Tèt Ou Jarèt

Gwosès se yon moman espesyal, epi li kapab difisil tou.

Ou kapab jere sa a! Jis viv li yon jou alafwa. Vwa ou se fòs ou.

Itilize l pou l fè yo tande w ak pou yo tande tibebe w la. Sonje,

“Vwa Ou Konte.”



Department
of Health